

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode Panalungtikan

Dumasar kana tujuan nu rék dihontal, ieu panalungtikan téh maké métode déskriptif. Nurutkeun Amir Suyatna (2002:14) ieu métode dipaké pikeun méré gambaran sacara *sistematis, factual, jeung akurat* ngeunaan fakta-fakta jeung sifat-sifat populasi atawa daérah nu tangtu.

Méthode déskriptif nya éta salasihiji métode anu bisa ngréngsékeun atawa ngajawab pasualan actual ku jalan nempuh léngkah-léngkah; ngumpulkeun, nglasifikasikeun, nganalisis atawa ngolah data, nyusun kacindekan, jeung nyieun laporan. Dipilihna ieu métodé, sangkan bisa leuwih museur dina ngungkulan masalah-masalah nu keur disanghareupan.

3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salasihiji usaha kumaha cara anu kudu dilakonan, kalawan maké métode nu tangtu sangkan tujuan anu dipiharep bisa kahontal. Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ngumpulkeun data (nu ngawengku observasi jeung tés), jeung téhnik ngolah data.

3.3 Populasi jeung Sampel

3.3.1 Populasi

Nurutkeun Arikunto (1996:115), populasi téh nya éta sakabéh subjék anu baris ditalungtik. Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh saurat anu ditulis ku siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung.

3.3.2 Sampel

Arikunto (1996:104) nételakeun yén sampel téh nya éta sawaréh siswa, wakil tina populasi anu ditalungtik. Sampel dina ieu panalungtikan téh nya éta siswa kelas X. nangtukeun sampel saperti di luhur make téhnik *purposive sample*, nya éta nangtukeun sampel dumasar kana tinimbangan-tinimbangan anu tangtu (Arikunto, 1996:128).

Nurutkeun Arikunto (1996:120), lamun subjékna kurang ti 100, leuwih hadé maké panalungtikan populasi. Lamun subjékna loba, bisa ditalungtik 10%-15% atawa 20%-25%. Sakabéh jumlah siswa kelas X nya éta 405 siswa, nu dijadikeun sampel nya éta 10% tina populasi, jadi jumlah sampel siswa nu ditalungtik nya éta 40 siswa.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta kamampuh ngalarapkeun tatakrama basa ngaliwatan nulis surat pribadi. Nu diukurna nya éta kamampuh make basa loma, basa lemes keur sorangan, jeung basa lemes keur ka batur. Ari dina prakna ngolah data mah instruméntéh mangrupa kartu data

3.4.1 Instrumén Pangumpul Data

Instrumén pangumpul data anu mangrupa tés bisa dititénan ieu di handap.

<p>Pancén Surat</p> <p>Pék ku hidep jieun dua surat pribadi anu ditujulna ka sasama jeung ka saluhureun! Pigawé dina keretas salambar (unggal surat maksimal sakaca) kalawan maké aturan katatabahasaan!</p> <p>Tong poho tulis ngaran jeung kelas!</p>

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén pikeun ngolah data wangunna mangrupa tabél saperti ieu di handap.

Larapna UUBS dina Surat

No	Kalimah	Undak-usuk Basa		Keterangan					
				Basa Loma		Basa Lemes			
		Nu dipaké	Sakuduna	M	TM	Sorangan		Batur	
						M	TM	M	TM

Sabada dipilah-pilah, saterusna diasupkeun kana tabél husus saluyu jeung klasifikasina.

Tabél 4.1.1.1
Merengahna Kecap Lemes keur Sorangan

No	Kecap	f	Presentase (%)

Tabél 4.1.1.2
Kasalahan Ngalarapkeun Kecap Lemes keur Sorangan

No	Kecap	f	Presentase (%)

Tabél 4.1.2.1
Merengahna Kecap Lemes keur Batur

No	Kecap	f	Presentase (%)

Tabél 4.1.2.2
Kasalahan Ngalarapkeun Kecap Lemes keur Batur

No	Kecap	f	Presentase (%)

Tabél 4.1.3.1
Merengahna Kecap Loma

No	Kecap	f	Presentase (%)

Tabél 4.1.3.2
Kasalahan Ngalarapkeun Kecap Loma

No	Kecap	f	Presentase (%)

Tabél 4.1.3.2
Kecap Kamalayan

No	Kecap	f	Presentase (%)

3.5 Téhnik Ngumpulkeun Data

1) Téhnik Obsevasi

Téhnik observasi dipaké pikeun niténan kaayaan SMA Pasundan 8 Bandung anu baris dijadikeun sumber data. Upamana baé jumlah sakabéh kelas anu aya di éta sakola, jumlah sakabéh siswa kelas X, aya henteuna kelas unggulan, jeung lengkep henteuna buku-buku anu ngarojong kana pangajaran basa Sunda. Kegiatan observasi ieu téh lumangsung dumasar patokan anu tangtu luyu jeung tempat katut tujuan ieu panalungtikan.

2) Téhnik Tés

Téhnik tés dina ieu panalungtikan gunana pikeun ngukur tingkat kamampuh tatakrama basa Sunda siswa kelas X SMA Pasundan 8 Bandung. Tés nu dilaksanakeun nya éta nyieun surat pribadi dina basa Sunda.

Arikunto (1996:81) nétélakeun yén pamarekan “*one shot*” model téh nya éta pamarekan anu make sakali ngumpulkeun data dina saharita. Dina

ieu panalungtikan, data dina wangun surat dikumpulkeun saharita. Jadi ieu panalungtikan make pamarekan “*one shot*” model.

3.6 Téhnik Ngolah Data

Ngolah data mangrupa léngkah anu paling penting dina kagiatan panalungtikan. Sabab, data kurang aya hartina lamun masih kénéh mangrupa data anu atah, hartina acan atawa henteu diolah. Sangkan data aya hartina jeung implikasina, kudu dirumuskeun mangrupa kacindekan.

Ieu panalungtikan make métode déskriptif, téhnik ngolah datana nya éta risét déskriptif anu sifatna éksploratif. Kulantaran wangun datana kuatitatif, téhnik ngolah datana nya éta dibandingkeun sarta dijumlahkeun jeung jumlah anu dipiharep, tuluy diperséntasikeun (Arikunto 1996: 244).

Léngkah-léngkah dina ngolah datana nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Nulis deui sakabéh surat anu ditulis ku siswa sarta nganomeran unggal kalimahna.
- 2) Milihan kecap-kecap nu aya dina unggal kalimah, tuluy dinomeran.
- 3) Masing-masingkeun unggal kecap sarta ngasupkeun kana tabél saluyu jeung klasifikasi anu geus disadiakeun, nya éta kecap loma jeung kecap lemes (keur ka batur jeung keur sorangan).

3.6.1 Analisis Surat

1) *Meunteun kamampuh siswa*

$$N = \frac{\sum B}{\sum T} \times 100$$

N = perséntase kamampuh siswa

$\sum B$ = jumlah kecap tatakrama basa nu bener

$\sum T$ = jumlah sakabéh tatakrama basa dina naskah

2) *Nangtukeun patokan*

Tabél 3.1

Nangtukeun Patokan ku Cara Ngitung Perséntase keur Skala Lima

Interval Perséntase Tingkat Ngawasa	Niléy Ubah Skala Lima		Keterangan
	0-4	E-A	
85%-100%	4	A	Alus Pisan
75%-84%	3	B	Alus
60%-74%	2	C	Cukup
40%-59%	1	D	Kurang
0%-39%	0	E	Goréng

(Burhan Nurgiyantoro, 2001: 393)

3.6.2 Analisis Basa Loma jeung Basa Lemes (keur Sorangan jeung keur Batur)

Analisis basa loma jeung basa lemes make ukuran préstasi anu dihontal ku siswa dina hiji kelompok.

$$\text{Indéks préstasi kelompok} = \frac{X}{\text{Skor Maks}}$$

Skor Maks

(Burhan Nurgiyantoro, 2001; 405)

a. Kamampuh make basa loma

$$L = \frac{X}{Y} \times 100$$

X = Jumlah basa loma nu merenah

Y = Jumlah basa loma nu dipaké

L = Perséntase larapna basa loma

b. Kamampuh make basa lemes keur sorangan

$$Ls = \frac{X}{Y} \times 100$$

X = Jumlah basa lemes keur sorangan nu merenah

Y = Jumlah basa lemes keur sorangan nu dipaké

L = Perséntase larapna basa lemes keur sorangan

c. *Kamampuh make basa lemes keur batur*

$$Lb = \frac{X}{Y} \times 100$$

X = Jumlah basa lemes keur batur nu merenah

Y = Jumlah basa lemes keur batur nu dipaké

L = Perséntase larapna basa lemes keur batur

3.7 Prosedur Panalungtikan

Léngkah-léngkah anu dipilampah dina ieu panaluntikan ngawengku opat léngkah poko, nya éta: tatahar, ngumpulkeun data, ngolah data, jeung nyusun laporan.

1) Tatahar

- a. Ngasongkeun usulan panalungtikan
- b. Nyusun rarancang panalungtikan
- c. Ngayakeun studi pustaka
- d. Nangtukeun sumber data
- e. Konsultasi jeung dosén pangaping

2) *Ngumpulkeun Data*

- a. Ngayakeun observasi.
- b. Ngayakeun tést kamampuh tatakrama basa ngaliwatan nulis surat pribadi, jeung angkét.
- c. Konsultasi jeung dosén pangaping.

3) *Ngolah Data*

- a. Mariksa sakabéh data nu geus dikumpulkeun.
- b. Nganalisis makéna tatakrama basa dina surat.
- c. Ngajén kamampuh siswa dina make tatakrama basa.
- d. Ngadéskripsikeun data hasil panalungtikan.
- e. Merséntasekeun kasalahan makéna tatakrama basa.
- f. Nyieun kacindekan hasil panalungtikan.
- g. Konsultasi jeung dosén pangaping

4) *Nyusun Laporan*

- a. Hasil panalungtikan disusun dumasar aturan nu aya dina karangan ilmiah pikeun nyusun skripsi.
- b. Konsultasi jeung dosén pangaping

